



**E-HANDOUT MATA KULIAH  
PAKELIRAN GAYA POKOK II**

# **PERTEMUAN KE-14**



## **LAKON “WAHYU PURBA SEJATI”**

**(Pathet Nem)**

**PROGRAM STUDI S1-SENI PEDALANGAN  
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA**

**Keterangan:**

- **Gending Sampak, Anoman, Werkudara dan kresna dientas.**
- **Tampil dasakumara dan Anoman, gending suwuk, dialog.**

**DASASUKMA:**

Ana kethèk putih maju ana ngarepku, sapa kowé?

**HANOMAN:**

Aja éthok-éthok pangling, tamatna aku Hanoman, mbiyèn tau dadi mungsuhmu.

**DASASUKMA:**

Elho, kowé Hanoman sing tau ngobong Ngalengka mbiyèn?

**HANOMAN:**

Hiya, pangling kowé?

**DASASUKMA:**

Nèk panglingé ora, ya mung gumun, seprana-sepréné kok durung modar-modar. Èh monyèt, bangsat ané...!

## **HANOMAN:**

Wiwit mbiyèn cangkemé ora ilang-ilang trocohé.....

## **DASASUKMA:**

Monyèt èlèk, ora susah kakèhan crèwèt, biyèn mungsuh saiki mungsuh, aku kalah karo kowé marga mbiyèn kowé isih enom; saiki ... .... wis gerang dhaplok kari jongkongké ngluwangan ngono mangsa takwedènanana.

## **HANOMAN:**

Ora minggat saka kéné tak nggo bal-balan sirahmu ...!

### **Keterangan:**

- **Gending Sampak Dasamuka perang dengan Anoman, kalah terus mencabut gunung.**
- **Dasamuka dan Anoman tampil, gending suwuk, dialog.**

## **DASASUKSMA:**

Adhuh-adhuh tobat aku anoman, kowe lha kok ngerti karingkihanku.

## **ANOMAN:**

Hayo bacutna yen njaluk ajur mumur ragamu.

## **DASASUKSMA:**

Ora....ora, aku ngakoni kalah.

**ANOMAN:**

Yen ngono kana ndang bali ana ndhankamu kana...!!!

**DASASUKSMA:**

Hiyaaa, pamit aku...Man ..!!!!

**Keterangan**

- **Gending Sampak, Dasamuka dan Anoman dientas.**
- **Tampil Indrajit dengan Gathutkaca, gending suwuk, dialog.**